**Ассаламу гІалайкум!**

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 28 июнь Рузман №30 (7844) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гьурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## Террористазул нахъегІанал пишабазе къимат кьуна

24 июналда райадминистрациялда тІобитІана дандельи. Гьенир гІахьаллъана учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел, росабазул администрациябазул бутІрул, райадминистрациялъул жавабиял хІалтІухъаби.

Дандельи рагьана районалъул нухмалъулев Шамил ГІумаровас.



Гьоркьоб лъураб суал букІана 23 июналда МахІачхъалаялда ва Дербенталда ккараб лъугьа-бахьиназул хІакъалъуль.

Гьеб рокьукъаб хабаралъ кутакалда рахІат хвезабуна дагъистаниязул, гьединго рахІатхун рукІана дехун дагІбадизаризе террористазул нахъегІанал ишал нухде инчІо ва инеги гьечІо,-ян байбихьана жиндирго кІалъай районалъул бетІер Шамил ГІумаровас.

-МахІачхъалаялъул аэропорталда ккарал лъугьа-бахьиназдаса хадуб гьаб кІиабилеб хІалбихьиялъ бицунеб буго республикаялда жеги тІагІун гьечІебльи жидерго нахъегІанал пишаби гІумруялде рахьинаризе террористазул ругел хьулал. Жакъа хасаб рагъулаб операция унеб мехалъ террористазул нич гьечІольиялъ нилъ тІадаллъун гьарулел руго цІодорго рукІине, кколел лъугьа-бахьиназде пикру рукІине, социалияб гьиназда гьересиял баянал тІиритІизаричІого тезе, провокациябазе гуккизе чІечІого рукІине.

Жиндирго кІалъаялъул ахиралда районалъул бетІерас пашманлъигун зигара бана тераkтазулъ гІумруялдаса ратІалъарал ракьцоязул эбел-инсуда, хьизан-лъималазда ва гІагарлъиялда.

Такъсиралъе квешаб къимат кьун кІалъазе рахъана районалъул ветераназул ва херазул Советалъул председатель МухІамад ХІанапов, райадминистрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Сиражудинов.

КІиабилеб суал букІана гІи-боцІуда хурхараб. ГІи-боцІуда маркаби лъун гьезул хІисаб гьабизе ккеялъул бицун кІалъазе вахьана Шава участкаялда вугев ветеринарияв врач ГІали ПатІахІов.

Гьес бицана «О ветеринарии» абураб федералияб законалъул тІалабазда рекъон гІи-боцІул хІисаб гьаби мурадал боцІуда маркаби (биркаби) лъезе кколел ругилан. Гьеб хІалтІи бугин абуна гьес гІи-боцІуда бахунеб унти нахъчІваялъе, гьельул аслу ва тІибитІиялъе ругел нухал лъазариялде, гьелде данде эпизоотиялъулал тадбирал гьариялде балагъизабураб.

-Гьеб буго нильерго сахльи ва боголъиги цІуниялъе гьабулеб хІалтІи. Гьелде кІвар кьезе ккела ветеринариял хІалтІухъабигун цадахъ росдал администрациябазул бутІрузги,-ян абуна жиндирго кІалъаялъулъ Шамил ГІумаровасги.



залалда гІодор чІаралги.

-Пемермиллаталъулаб Дагъистан кидаго машгъураб букІана халкъазда гьоркьосеб гьудуллъиялъул рахъалъ, республикаялда бага-бачари гьабизе, миллаталъухъ ва диналъухъ балагьун Россиялъул вацІлъиялъулаб халкъалъул гьоркьоблъи бигьинабизе, гьел цоцаз-буссинабизе. Нилъер букІине бегьуларо гьединал такъсирадзегун кІваргьечІольи, халкъалъе чІезабизе ккола хІинкъигьечІольи, гьезда лъазе ккола обществоялъ жал цІунун ругеблъи,-ян абуна районалъул бетІерас.

Гьединго районалъул нухмалъулес киналго ахІана цІодорго

Дандельиялда гьединго борхана хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІазе ва гьезул хьизан-лъималазе гІарцулаб ва материалияб кумек гьабиялъул суалги. Гьеб суалалда сверухъ киназулго пикру цолъана ва гьельул рахъ ккуна.

**ГІ.Малачдибиров**

**ЛъикІав чиясул - лъикІаб нигат**

## ГІумар МуртазагІалиевасул гьудуллъиялъулаб сапар

Гьал къояз гьудуллъиялъулаб сапаргун нилъехъ щун вукІана спортивияб гугариялъул Дагъистаналъул Федерациялъул президент ГІумар МуртазагІалиев. Гьевгун цадахъ рачІун рукІана РДялъул физкультураялъулги спорталъулги министр Сажид Сажидов, гьесул заместитель Будун Будунов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГІабдурахІман Камилов, «Дагмелиовосход» управлениялъул нухмалъулев МухІамад Юсупов.



Гьалбалгун дандчІвана районалъул бетІер Шамил ГІумаров, райадминистрациялъул бетІерасул заместитель Халилула МухІамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухІамад НурмухІамадов.

Гьел щвана районалъул цо-цо машгъурал бакІазде, щвана Хьварщи ва Хонохъ, хІайран гьаруна гьениб бугеб тІабигІаталъул берцинлъиялъ, гьалбадерие гІадамаз гьабулеб адабалъ ва хьулухъ - хьатиралъ.

Киназдаго лъала нилъер район машгъураб букІин цІар рагІарал гугарухъабаздалъун. Гугарухъабазул гІолохъанаб гІел куцазе райцентралда спортзал гьечІольиги хІисабалде босун, ГІумар МуртазагІалиевас загьир гьабуна жив хІадурав вукІин райцентралда спортивияб комплекс баялъе кумек хІисабалда жиндирго рахъалъан нусго миллион гьурущ биччазе. Гьединго гьес районалъе сайгъат гьабуна гугариялъул лъабго ковер.

Шамил ГІумаровас кІудияб баркала загьир гьабуна ГІумар МуртазагІалиевасе нилъер районалдехун гьесул бугеб лъикІаб бербалагьиялъухъ, гьабулеб кумекалъухъ, гьединго кьуна гьесие «ЦІумада районалъул хІурматияв гражданин» абураб удостоверение.

ДандчІваялдаса ва жиндир гьабураб хьулухъалдаса разилъарав ГІумар МуртазагІалиевас баркала кьуна районалъул нухмалъиялъе, ва цоги нухальги районалде щвезе бокьи загьир гьабуна.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## Конкурс чтецов

Нет, не перестали и не перестанут рождаться гении. Присмотримся к новому поколению в поисках в них задатков древнего Гомера, нового Сократа, новейшего Шекспира, гениального Пушкина и могучего Расула Гамзатова!

13 июля 2024г. в 9 ч. 30 мин. в с. Агвали состоится конкурс чтецов учащихся школ района, в том числе цумадинцев проживающих за пределами района.

Поищем и поощрим литературно одаренных школьников по сочинению стихов, рассказов, повестей, притч, сказок, сказания, мифологии, размышления о жизни, приключения, истории и т. д. Конкурс будет проходит во Дворце культуры на аварском и на русском языках. Важно, чтобы дети сами сочиняли без помощи родителей и учителей. Разрешается иметь в руках свои письменные работы для страховки в случае их чрезмерного волнения.

Критерии оценки и требования к выступлениям:

уровень исполнительского мастерства; индивидуальность исполнительской манеры; внятность и слышимость речи; артистичность и сценическая культура; своеобразие, оригинальность репертуара; отражение патриотической тематики; предпочтительна национальная форма одежды.

Время выступления 5-7 минут.

Призёры награждаются грамотами, дипломами и денежными призами:

три первых мест- по 3000 руб. (на аварском и русском языках);

три вторых мест- по 2000 руб. (на аварском и русском языках);

три третьих мест- по 1000 руб. - (на аварском и русском языках).

Пяти самым младшим чтецам - по 500 руб.

**Оргкомитет, тел. 8 960 414 18 56**

# Протокол

**публичных слушаний по проекту исполнения бюджета муниципального района МР «Цумадинский район» за 2023 год.**

Дата проведения: 25.06..2024 г.

Время проведения: 10:00 ч.

Место проведения: с.Агвали актовый зал администрации МР «Цумадинский район».

На слушаниях присутствовало 87 человек.

Вопрос вынесенный на публичные слушания: проект исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год

Председательствующий - Омаров Ш.А., глава МР «Цумадинский район»;

Секретарь - Магомедов А.А., депутат Собрания депутатов МР «Цумадинский район»;

Лица, приглашенные на слушания:

- Магомедов Г.М.- начальник отдела финансов МР «Цумадинский район»

- Загидов М.М.- председатель контрольно-счетного органа МР «Цумадинский район»;

-Ибрагимов Т.А.-начальник отдела правовой работы и информационных технологий МР «Цумадинский район»;

- депутаты Собрания депутатов МР «Цумадинский район»

-работники администрации МР «Цумадинский район»

- главы администрации сельских поселений МР «Цумадинский район»;

- жители района.

Председательствующий открыл слушания и сообщил, что рассматривается проект исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год. Также проинформировал о существе обсуждаемого вопроса, его значимости, порядке проведения слушаний, участников слушаний. Он сказал, что публичные слушания проводятся в соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МР «Цумадинский район», Положением о бюджетном процессе МР «Цумадинский район», утвержденным решением Собрания депутатов МР «Цумадинский район» №8 от 28 сентября 2017 г.

Информационное сообщение о проведении публичных слушаний было опубликовано в газете «Голос Цумады» и размещено на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».

Процедура проведения публичных слушаний подразумевает изучение общественного мнения, высказывание замечаний и предложений.

Итогом слушаний будет принятие Заключения.

Председательствующий предложил порядок работы:

-заслушать доклад по рассматриваемому вопросу,

- проголосовать за принятие Заключения.

Далее председательствующий предоставил слово начальнику отдела финансов МР «Цумадинский район» Магомедову Г.М.

Докладчик изложил основные параметры исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023год и указал, что в ходе подготовки к слушаниям от жителей района не поступили предложения и замечания.

От присутствующих поступили вопросы, на которые были даны исчерпывающие ответы.

Председательствующий: Доклад окончен. Есть ли вопросы к организаторам слушаний? Желающие выступить?

Если нет вопросов и желающих выступить, то для подведения итогов публичных слушаний, выносится на голосование вопрос об одобрении проекта исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания: «Проект исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год».

За одобрение- 87 человек, против- 0, воздержался- 0.

Результаты публичных слушаний:

Проект исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год одобрен участниками слушаний.

Письменных предложений и замечаний от жителей МР «Цумадинский район», иных заинтересованных лиц, участников публичных слушаний не поступило.

Решение:

1. Одобрить проект исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год.

2. Рекомендовать рассмотрение и утверждение проекта исполнения бюджета МР «Цумадинский район» за 2023 год на очередной сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район»

3. Опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

**Председательствующий: Ш.Омаров**

**Секретарь собрания: А. Магомедов**

# Заключение

**о результатах публичных слушаний по проекту исполнения бюджета муниципального района «Цумадинский район» за 2023 год**

Инициатор публичных слушаний: администрация муниципального района «Цумадинский район».

Тема публичных слушаний: Проект исполнения бюджета муниципального района «Цумадинский район» за 2023 год.

Дата проведения: 25 июня 2024 г.

Время проведения: 10:00 ч.

Место проведения: с.Агвали, актовый зал администрации муниципального района «Цумадинский район».

Количество участников: 87 человек.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания: «Проект исполнения бюджета муниципального района «Цумадинский район» за 2023 год ».

За одобрение - 87 человек
против- 0
воздержался- 0

В результате обсуждения проекта исполнения бюджета муниципального района «Цумадинский район» за 2023 год, принято решение:

1. Одобрить проект исполнения бюджета муниципального района «Цумадинский район» за 2023 год.

2.Рекомендовать рассмотрение и утверждение проекта исполнения бюджета муниципального района «Цумадинский район» за 2023 год на очередной сессии Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район».

3.Опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и в сети Интернет.

**Председательствующий Ш.Омаров**

**Дружба и братство**

# Встреча на Чеченской земле

На днях в селе Химой Шаройского района Чечни состоялась дружественная встреча руководителей образовательных учреждений нашего района с педагоическим коллективом Шаройского района. Встреча была организована по инциативе методиста управления образования Магомеда Шамхаловича Гаджиева.




С приветственной речью от педагогиского сообщества нашего района на встрече выступила начальник управления образования Зайнаб Абдулхамидовна Абдусаламова, а с чеченской стороны- начальник управления образования Шаройского района Малижа Батирхановна Мусалова. Тепло поприветствовав друг друга, стороны познакомились, сели за стол, за чашкой чая, в непринуждённой обстановке начался обмен мнениями, руководители школ поделились опытом работы.

Сторонами было отмечено, что образование как общее, так и дополнительное является приоритетным направлением развития экономики, науки и технологий двух республик и Российской Федерации в целом. Развивать систему образования помогает национальный проект «Образование», инициированный президентом страны. Получается серьезная поддержка на строительство школ и детских садов, их ремонт, а также на обновление материально-технической базы, внедряются новые учебные программы. Но, не менее важно, особенно в регионах Северного Кавказа, сохранение обычаев горских народов, воспитание детей в лучших национальных традициях нашего региона, в частности сохранение родного языка. Очень важна историческая память, хранителями и носителями которой являются наши учителя, важно донести до детей сведения о фактах и событиях, великих личностях наших регионов, взрастить в них патриотизм, любовь и бережное отношение к своей большой и малой Родине.

Встреча проходила в тёплой и дружеской атмосфере. Отличительной чертой встречи была неформальное общение педагогов на волнующие профессиональные темы, не остались без внимания и социальные вопросы, пути их решения. Отдельно обсуждались вопросы оказания помощи участникам СВО и их близким, и многие другие вопросы.

Было отмечено большое значение встречи, изъявили желание чтобы такие встречи стали традиционными. Говорили о необходимости консолидации общества, о воспитании подрастающего поколения в духе национальных традиций, о необходимости укрепления дружественных связей между соседними районами. Было отмечено что народы Чечни и Дагестана -это не просто соседи, а братские народы по своему истрическому и духовному развитию.

В рамках мероприятия стороны посетили одну из главных достопримечательностей региона в высокогорном чеченском селе Шарой - архитектурный комплекс XIII-XVI веков «У семи башен».

В Шаройском районе встреча проводится в таком формате впервые. Зайнаб Абдулхамидован пригласила своих чеченских коллег в конце июня посетить с ответным визитом наш район. Встреча будет проводиться на базе отдыха «Оболи» в селе Хуштада.

В конце встречи участники обменялись символическими подарками и сделали памятное фото. В завершении плодотворного дня, обмениваясь впечатлениями, участники встречи долго еще не могли разойтись. Невероятно теплой, доброжелательной и продуктивной состоялась встреча прфессионалов. Впереди реализация новых идей, новые встречи. Пусть всегда будет дружба!

**Магомед Меджидов**

**Терроризм-жамгIияталъе хIинкъи**

## ХIалтIи букIине ккола цадахъаб

26 июналда Агъвали районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана терроризмалде дандечIараб районалъул комиссиялъул данделъи. Гьениб гьоркьор лъуна 23 июналда МахIачхъалаялда ва Дербенталда ккарал гIорхъолъа рорчIарал лъугьа-бахьинал.

МахIачхъалаялда ва Дербенталда ккарал лъугьа-бахьиназ дагъистаниязул ракIазулъ кIудияб ругъун лъунин абун байбихьана Шамил ГIумаровас данделъи.



-Республикаялда ахIвал-хIал багъа-бачаризе, диназда гьоркьоб рикьи гьабизе бокьун гьабураб ишалде дандечIей гьабуна полициялъул хIалтIухъабаз, жидерго гIумруялдаса барахщичIого цIунана гьез гIадамалги, ккана гьезда гьоркьор камиялги. Радикалазул къокъабаз жигар бахъулеб буго гIолохъанаб гIелалъул бутIрул свериззарize, гьел жидерго мухьилъе ккезаризе. Нильер умумузе киданиги хасияталлъун рукIинчIо квешал пишаби. Нилъецаги кIвар кьезе ккола гIун бачIунеб гIел битIараб нухде бачине, гьел талихIкъиналдаса цIунизе,-ян абуна районалъул нухмалъулес.

Тадбиралъул гIахьалчагIаз нахъегIаналлъун рикIкIана кIиябго шагьаралда ккарал лъугьа-бахьинал, бицана республикаялда жеги хутIун ругел «къижарал ячейкабазул», гьезде данде гьаризе кколел профилактикиял тадбиразул.

-Терроризмалъул идеологиялде данде цохIо полициялъул хIалтIухъабаз гьабун профилактикияб хIалтIи тIубаларо. Гьеб рахъалъ полициялъулгун лъайкьеялъул учреждениябазул, жамгIиял гIуцIабазулгун диниял церехъабазул, муниципалитетазул, къадру-къимат цIикIкIарал гIадамазулгун гIолилазул цолъиязул букIине кколин цадахъаб хIалтIи,- ян абуна МВДялъул отделалъул начальник Камал ГIабдулхIакъовас.

ХIажатабщлъун рикIкIана росабалъе сапарал гьаризе, дандчIвазе жамагIатгун, гIолилалгун, цIалдохъабигун. ЛъикI букIинаан районалъул руччабазул Советалъги гьединал дандчIвазал тIоритIани росабалъ руччабигун. Гьеб рахъалъ букIине ккола гьоркьоса кьотIичIого гьабулеб хIалтIи.

Росулъ терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб профилактикияб хIалтIул бицун кIалъай гьабуна Гьоркьгьаквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовас. Гьединго АТК-ялъул хIукмаби тIураялъул хIакъалъулъ бицун к1алъазе вахъана комиссиялъул секретарь МухIамад Сиражудинов.

**ГI.Малачдибиров**

---

**Администрация**
**муниципального района «Цумадинский район»**

## Постановление №77

**от 10 июня 2024г.**

**О внесении изменений в постановление администрации МР «Цумадинский район» от 12.07.2012 г. №65**

На основании письма Министерства юстиции Республики Дагестан от 06.06.2024 г. №19-0503-7434/24 администрация муниципального района «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Внести в постановление администрации муниципального района «Цумадинский район» от 12.07.2012 г. №65 «Об утверждении административных регламентов администрации МР «Цумадинский район» по предоставлению муниципальных услуг» изменения и считать утратившими силу пункты 4, 5 и 9.

2. Исключить из Реестра муниципальных услуг муниципального района «Цумадинский район» следующие услуги:

-выдача архивных справок социально-правового характера;

-выдача архивных справок, выписок, информации, копий архивных документов по тематическим запросам.

3. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет

4.Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» Магомедова Х. Г.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

---

**Нухал ва гIадамал**

# Бузнаса нух гьабулелъубе сапар

Цебегоялдаса нахъе бицалъ буго нилъер «Бузнаса нух» абураб умумул хьвадулеб букIараб нухалъул бакIалъ машинаби, техника унеб кIудияб нух гьабиялъул масштабияб хIалтIул хIакъалъулъ. Гьеб нухалъул бугеб кIудияб кIвар бичIчIун, халкъалъ гIарцудалъун кумек гьабун унеб буго гьеб. Гьеб «Бузнаса нух» ва гьениб ина бугеб хIалтIи лъаларев рагIинчIев чи ватиларо Дагъистаналда, хасго магIарулазул. Хасавюрталъул цолъизабураб «Гьудуллъи» газеталъул редакциялъ щибаб анкьил газеталъул кIигояб гьумералда бахъула «Бузнаса нух» гьабиялъул хIалтIул хIакъалъулъ макъалаби, суратал, гьедин камуларо материалал гьелъул хIакъалъулъ. Аслияб суал гьел материалазул, «Бузнаса нух» гьабиялъул захIмалъаби, камураб материал, хIажатаб кумек ва кумек гьабурал загьир гьаби, гьелдалъун гьеб нух гьабулезе квербакъи гьабизе. Газеталъул гьеб нух гьабулезулгун буго лъикIаб бухьен, гьарун рукIана гьезулгун дандчIваял. Узухъда, редакциялъул рукIуна Хасавюрт шагьаралъул масъалаби, лъазабиял ва цогидабги цебелъун гьабизе кколеб хIалтIи, амма эркенаб заман букIиналъе рес балагьун, гьенире ине ва гьезул ахIи, гьари лъазабизе, халкъалда рагIинабизе редакциялъулаз гIамал гьабула.

Гьедин, 12 абилеб июналъ хIалтIудаса эркенаб кьоги бищун цолъараб «Гьудуллъи» редакциялъул журналистаз бухьана иргадулаб сапар Дагъистаналъул гIадамазе кIудияб кIвар бугеб «Бузнаса нух» бахъулеб бакIалъе. Нижее гьенибе рекIине рес ккана «Бузнаса нух» гьабиялъул нухмалъулев МухIамадкамиль Дибировасул заместитель Якъубов МухIамадил ва МухIамадрасулил машинабазда рекIун. Сапаралда гIахьалльи гьабуна журналистаз, ай ШайхмухIамадов МухIамадрасулица, ХIажагIалиев Мусаца, Ниязбег Алмахъскияс ва СалихIов СалихIица. Нухдасан МухIамадица бицана гIаммаб къагIидаялда нух гьабиялъулъ бугеб хIал.

ЧIикIаб росдал бакIалъан унеб гьеб нух байбихьун буго кIодо гьабизе 2014 соналъ. Гьелдаса нахъе кIудияб масштабалъул хIалтIи тIаде босун гьеб гьабулел руго, гьеб хIалтIуде гьира-шавкъ бижарал, кири бокьарал нилъер гIадамал. ГIицIго жидерго кьурат, техника ва кири бокьарал нилъер гIадамазул гIарцул кумекалдалъун гьабун унеб буго гьеб хIалтIи, бюджеталъул гIарцул кумек гьечIого. Гьеб хIалтIул масштаб лъазе ккани, гьенире рачIун бихьизе ккола, кьураби кьвагьизарун, рихизарун, гьедин бихараб гамачIгун ракьул КАМАЗаз баччун, импорталъулаб техникаялъ, ай экскаватораз ва бульдозераз гьваридал кIкIалал цIезарун гьабун ина бугеб нух.

Ниж гьенире щведал, нухлул байбихьуда бихьана цIи босараб импорталъулаб экскаватор, лъикIаб техника букIинарищ гьеб, кьвакIараб миччилалъул порода бигьагойин абухъе бухьулеб бугоан гьелъ. Нижее бугеб ахIвал-хIал бицине байбихьана ГIабдулхIамидов МухIамадица. Гьес бицана гьаниб хIалтIизабулеб жидер техника, экскаваторал, бульдозерал, импорталъул ругилан. Гьес бицана тIолго нухалъул халалъи 32 км. кколила, гьелъул ЧIикIаб мухьалъехунисеб 14 км нухалъул 80% ракьул хIалтIиялъул ва Ахакьдерил рахъалъ 8-9 км. нухалъул 70-75% ракьул хIалтIи лъугIун бугилан. МухIамадица гьабизе кколеб буго механикасул, мастерасул, прорабасул хIалтIаби. ХIалтIул захIмалъиялъул гьикъидал, техника къачIай бугила захIматаб хIалтIи, техникаялъ хIалтIизабизе, бухьизе кколеб ракь бугила аргелич порода (миччил), аслияб къадар ганчIил кьураби бурильный станокалъ (НКР-100) рорлъун, кьвагьизарун, рихизарун хIалтIизаризе кколила гьеб техникаялъ. Жеги хутIун буго гIага-шагарго 9 км. гьеб нухалъул гьабизе. Гьесул рагIабаздасан, геб нухалъул участка уна ЧIикIаб гIоралъул рагIалдасан, кьуру кьвагьизабун, бихизабун, гьениб нухлуе полкаги гьабун. Гьедин хIалтIулеб гьеб техникаялъе гьабизе ккола щибаб моцIалъ ТО ва ремонт.

Снабжениялъул хIалтIи гьабулеб буго МухIамадов МухIамад МухIамадовичас. Гьес бицахъе, 420 метралъул отметкаялда нух гьабуни, «Русьгидро» компаниялъ рагIи кьун буго, жибго чвахулеб Рихьуни ГЭСалъул хIоралдаса ЧIикIабе лъин бачине. Гьеб «Русьгидро» компаниялъул хIукуматалъулаб программаялда буго проект МахIачхъалаялде, Каспийскалде, Дербенталде гьенисан лъим бачине. Нухалъул букIине буго 6 градусалдаса кIудияб гьечIеб эхеде регIел. Нухалъул бихьи букIине буго 500 метралъул манзил.

МухIамадица бицана, жидер гьаниб мухьалъухъ, запчастазухъ, соляркаялъухъ, нахухъ холила 2,5- 3 миллион гьурущ моцIие. Гьелдаса тIокIлъараб гIарцухъ жидеца босанила экскаватор «Вольво 460». Гьес бицана, гьениб цIезабула бугеб кIкIалахъ гьабизе бугила раскьулгун ганчIил тIасан хьвадизе нухалъе борхатаб сангар, гьоркьан 400 метр ва тIасан 25 метр гIеблъи бугеб.

Нижгун гара-чIвари гьабурав ХьахIаб росдал администрациялъул бетIер МухIамадов МухIамад Лабазановичас бицана:

- Гьаб нух буго нилъер магIарулазул 17 районалъул росабалъе хьвадизе кьокъаб нух, туннелалъусан 2,5 сагIат балел цо-цо бакIазде гьанисан 40 минут гурони нухда базе гьечIеб. Гьеб нух ЧIикIаса Временный посёлокалде багьизе буго. Росдал магIишаталъе, хасго перегоназул заманалда гIи гочинабизе, гьелъул букIине буго кутакаб пайда. Цоги абизе кколеб жо, гьеб нух унел бакIазда хасало гIазу чIоларо. Гьав Дибиров МухIамадкамил гуревани гьаб нух букIунароан, гьев вуго гьаб хIалтIи байбихьарав чи.

Къалъул заманалда, какде ва кванازе хIалтIула ругел гIадамал ракIаридал, нижгун гара-чIвари гьабуна ГьазимухIамадов МухIамадсагIидица. Гьев хIалтIун вуго гIемерал соназ (1981-2022 с.) Чиркей ГЭСстройялъул УМР абулеб гIуцIиялда экскаваторщикльун, экскаваторщиказул бригадирлъун. Гьев ккола Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав строител. Гьес бицанихъе, ЧIикIасан «Бузнаса нух» гьабизе байбихьун буго 2014 соналъ. Гьенив ункъгощуго соналъ гьев хIалтIун вуго экскаваторалда. Гьанже гьев ккола гьенив участокалъул начальник. Гьениб хIалтIула бугеб техника-экскаватор Вольво-290, Вольво-210, ремонталда буго экскаватор Вольво-240; бульдозерал - 2 бульдозер Камацу-355, кIиго бульдозер Т-170, ремонталда буго цо бульдозер Т-170; буго 2 погрузчик Хундай-ЛК, Фотон 937; хIалтIула буго 3 КАМАЗ, ремонталда буго жеги 3 КАМАЗ; хIалтIула буго борлъарулеб цо станок ва ремонталда буго цогидаб станокги; хIалтIула буго солярка баччулеб 2 бензовоз ва гьединго буго запчастал щвеялъухъ баlъгун ремонт гьабизе бульдозер Т-500. Гьеб техникаялъе щибаб моцIалъ гьабизе ккола ТО ва хIажатаб ремонт. Нухалъул хIалтIулел бакIал хисанщинахъе, буругъал рахъулеб мехалъ гочинабизе ккола техникаги. МухIамадсагIидица бицана, жал тIадчIун хIалтIула рукIунила техника хвечIого лъикI хIалтIиялда тIад, гьелъул контроль гьабун рукIунила.

Аслияб суал буго гIадамазул кумек заманалде щвей, гIарац бачIин кватIани хIалтIиги нахълъула. Гьедин бугеб ахIвал-хIал гIадамазда лъазабун, гIарац бакIариялда тIад хIалтIула рукIуна МухIамад ТIалхIатов ва МухIамад Якъубов. МухIамад ТIалхIатовас ватсап группаялдасан, информациялъул ресурсалдасан гIадамалгун хIалтIи гьабула гIарац бакIаризе, гьев ккола гьенив админлъунги. Якъубов МухIамад хьвадула батIи-батIиял бакIазул мажгитазде имамзабазухъе, росдал администрациязул бутIрузухъе, гIарац бакIариялъул суалгун.

ГьазимухIамадов МухIамадсагIидица къокъго бицана гьанир хIалтIула ругел цо-цоязул хIакъалъулъ -ЧIикIаса ГIусманов ХIамзат вуго гьенив хIалтIулев богогьанлъун. Гьев ккола цеве гIи-къаялда вукIун квен гьабизе бажари бугев чи. ЛъикIал, санагIатал ресал гьечIониги гьес хIалтIулезе квен гьабун, гьеб кванил иш лъикI бачуна, гьев вачIинегIан нижеца рокьосан квен бачIунаан. ГьитIинав гIолохъанчи МелъетIаса СагIидов Апанди хIалтIулев вуго Вольво-210 экскаваторалда. Хьараниса ХIажиев Муслим хIалтIула вуго КАМАЗалда. Камазалда хIалтIула вуго Чик1аса ГьазимухIамадов ТIагьир. Гьев вуго кIудияб хIалтIул стаж бугев шофёр. КАМАЗалда хIалтIула вуго Хьараниса ХIажиев Мурад. Хьараналдаса Вольво-290 экскаваторалда хIалтIулев вуго лъикIав специалист ГIабдусаламов ГIусман. Гьесулго вас ГIабдусаламов ХIажимурад хIалтIула вуго Камацу-300 экскаваторалда, гьевги лъикIаб махщел бугев специалист вуго. ГIемер заманалъ нухалда хIалтIулев вуго Хьараниса сварщик МухIамад. Камацу-355 бульдозералда хIалтIулев вуго Унсоколоса ГIусманов ГIабдула. Чиркей Гэсстройялда хIалтIулаго лъикIаб опыт щварав чи вуго гьев, руго гьенир хIалтIулел цIар ккун хьвачIониги жеги цогидал гIадамалги.

Жиндирго Каматсу экскаваторгун хIалтIула вуго Унсоколо районалъул ХьахIаб росдал администрациялъул бетIер МухIамадов МухIамад, гьев вуго киридахъ хIалтIула вугев чи.

РагIуда хадуб абизе бокьун буго, гьеб бакIго бугоан берцинаб гIажаибаб бакI. Нух бахьун лъугIун хадуб, гьенир ругел кьурабаз, кIкIалаз, гохI-щобаз, лъикIаб асар гьабила рехе, эхеде унел гIадамазул, гьира базабизе буго гьенисан хьвадизе, хьвадулел гIадамал гIемерлъизаризе.

**СалихI СалихIов**

## Колонка прокурора

### Порядок установления выплаты размера ежемесячной доплаты к пенсии лицам, замещающим должности муниципальной службы муниципального района МР «Цумадинский район»

Прокуратурой района рассмотрено в январе 2024г. рассмотрено обращений двух жительниц Цумадинского района о приостановлении ежемесячной муниципальной доплаты к пенсии за выслугу лет с августа 2021 года.

Решением №25 собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 06.09.2018 утверждено Положение о порядке установления выплаты и перерасчета размера ежемесячной доплаты к пенсии лицам, замещавшим должности муниципальной службы муниципального района «Цумадинский район».

Минимальный размер пенсии за выслугу лет не может быть ниже размера фиксированной выплаты к страховой пенсии по старости, установленной частью 1 статьи 16 Федерального закона «О страховых пенсиях». В 2021 году составляла 4982 руб. 90 коп.

Проверкой установлено, что лицам, замещающим должности муниципальной службы МР «Цумадинский район» неправомерно с августа 2021 года приостановлена пенсия за выслугу лет.

В целях устранения нарушения в адрес главы МР «Цумадинский район» внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства о выплате доплаты к пенсии за выслугу лет, которое рассмотрено и удовлетворено.

**Социальная защита прав инвалидов в сфере трудового законодательства**

Прокуратурой проведена проверка соблюдения в деятельности ГБУ РД «Цумадинская ЦРБ» трудового законодательства.

В статье 92 трудового кодекса Российской Федерации (далее - ТК РФ) перечислены категории работников, для которых устанавливается сокращенная продолжительность рабочего времени.

Так, сокращенная продолжительность рабочего времени устанавливается для работников, являющихся инвалидами 1 или II группы, - не более 35 часов в неделю (абзац четвертый ч. 1 СТ. 92 ТК РФ).

Федеральный закон от 24 ноября 1995 г. № 181-ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации» (далее - закон №2 181-ФЗ) определяет государственную политику в области социальной защиты инвалидов в Российской Федерации, целью которой является обеспечение инвалидам равных с другими гражданами возможностей в реализации гражданских, экономических, политических и других прав и свобод, предусмотренных Конституцией Российской

Федерации, а также в соответствии с общепризнанными принципами и нормами международного права и международными договорами Российской Федерации (преамбула данного закона).

Установлено, что в ГБУ Р Д «Цумадинская ЦРБ» работают 25 инвалидов 2 группы, из которых у 17 работников учреждения продолжительность рабочего времени составляет 36 часов в неделю, при этом, работодатель не установил им сокращенную продолжительность рабочего времени.

В целях устранения нарушения в адрес главного врача ГБУ Рд» «Цумадинская ЦРБ» внесено представление об устранении нарушений трудового законодательства, которое находится на рассмотрении.

Представление сведений о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера муниципальных служащих МО СП «Цумадинский район.

Прокуратурой Цумадинского района проведена проверка соблюдения муниципальными служащими администрации сельских поселений Цумадинского района.

В ходе проверки выявлены факты непредоставления 8 заместителями глав МО СП Цумадинского района сведений о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера своих супруги и на свою супругу за период с 01.01.2023 по 31.012.2023 год.

Согласно ст. 12 Федерального закона «О муниципальной службе в Российской Федерации» муниципальный служащий обязан представлять в установленном порядке предусмотренные законодательством РФ сведения о себе и членах своей семьи.

Аналогичные требования о необходимости представления муниципальными служащими сведений о своих доходах и принадлежащем им имуществе содержатся в ст. 8 Федерального закона №2273-ФЗ от 25.12.2008 «О противодействии коррупцию» (далее - Закон).

В соответствии с п.п. 3.1, 4 ст. 8 Закона граждане, претендующие на замещение должности руководителей государственных (муниципальных) учреждений, а также лица, замещающие указанные должности, обязаны представлять представителю нанимателя сведения о своих доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера своих супруги (супруга) и несовершеннолетних детей.

В целях устранения нарушения в июне текущего года в адрес 8 глав МО СП Цумадинского района внесены представления об устранении нарушений федерального законодательства, которые находятся на рассмотрении.

**Д. Джабраилов,** прокурор района

## Спорт

### БРИКСалъул хIаязул чемпион



Казаналда БРИКСалъул хIаязда рачлида вагъун 100 кг. цIайиялда чемпионлъун вахъана халкъазда гьоркьосеб классазул Россиялъул спорталъул мастер КIванадаса Халилов Гъази.

### МугIрузул рекериялъулъ бергьарал



Дагъал цере къоялъ Севериаб Осетиялда тIоритIана ралъдал гъумералдаса 1000-1800 метралъул борхалъуда мугIрузул рекериялъул марафон. Гьенир гIахьаллъана Хуштадаса АсхIабов МухIамад ва ГIабдулхаликъов ГIабдулхаликъ.



9 км. манзилалда векерун тIоцебесеб бакI ккуна АсхIабов МухIамадица. Гьебго манзилалда 45 сонил ригьалдаса тIаде аразда гьоркьов чемпионлъун вахъана ГIабдулхаликъов ГIабдулхаликъ.

## Баркалаялъул кагъат

### Руго райбольницаялда кIвахI гьечIел гIолохъаби

Аллагьас цо чанго къаргIидаялда хIал бихьулила инаваданго вукIаго, дир чорхол хIал хисизе лъугьана.



санасул, цин вохизавун, хадув къварид гьавун, захIмалъи, гIатIилъи кьун.

Гьедин рохелгун хириябкъурбанкьоялъул къояз Заман анагIан чорхол тату холеб букIана, вукIинчIо росулъ кумекалъе тохтурги, ахIи базе ккана мадугьалихъ бугеб Гьоркьияб Хъварщини росдал фельдшер ГIабдулаев МухIамадкъасумихъе. КIвахI гьечIев лебалав бахIарчи тIаде щвана, ва бажарараб гьабулеб букIана. Жиндихьан гIураб кумек щолеб гьечIеблъи бичIчIарав гьес ахIи бана райбольницаялъул хехаб кумекалъул отделениялде.

Балеб цIадалъул, пулеб гьурияльул хал гьабичIого, диде тIаде щвана «скориялъул» заведующий Коратов Рашид, фельдшер МухIамадов АхIмад ва шофер Набиев ХIайбула. Гьез дару-сабаб гьабун хадуб, дир чорхол хIал рукIалиде ккезе байбихьана.

Бокьун буго дирго ва дир хъизан-лъималазул рахьалъан гьезие ракI-ракIалъулаб баркала кьезе.

Газета цIалулезе баяналъе: руго лебалал ва кIвахI гьечIел васалгун ясал райбольницаялда.

**ХIабиб Давудов**

**Утерянный аттестат об основном общем образовании №00518002452121, выданный Агвалинской гимназией Цумадинского района 22 сентября 2023 года на имя Хайбулаева Магомеда Магомедовича, считать недействительным.**

* * *

**Утерянный аттестат об основном общем образовании №00518001621882, выданный Квандинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района 20 июня 2018 года на имя Исадибировой Патимат Халиловны, считать недействительным.**

**Тушманасе наку чIвазегIан, жиндирго къаданиб зани чIвайго лъикI.**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Цумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул кьватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Цумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета кьватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1491
Газеталъул индекс:
51377 (баццдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгоьи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жавабчи авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru